



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY 8 MILYON DOLA POU ETA NEW YORK  
NAN KAD LWA SOU REDIKSYON ENFLASYON AN POU REDUI EMISYON METÀN  
KI SOTI NAN PI PETWÒL AK GAZ YO**

*Fon yo ranfòse efò kontinyèl New York yo pou redui emisyon metàn ak pwoteje  
dlo souteren ak dlo sifas yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini ak Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) te bay Eta New York 8 milyon dola nan kad Pwogram Rediksyon Emisyon Metàn li an. Lajan sa yo, ki enkli nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an, ranfòse efò kontinyèl New York ap fè pou ede redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè k ap chanje klima a soti nan enfrastrikti petwòl ak gaz, epi tou pou pwoteje dlo souteren ak dlo sifas yo.

"Nouyòkè yo ap santi konsekans chanjman klimatik atravè Eta a, epi kòm repons n ap pran mezi odasye epi n ap konstwi yon New York ki pi solid, pi rezistan avèk èd resous eta ak resous federal yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon Biden-Harris ak patnè federal nou yo rekonèt enpòtans pou redui emisyon gaz ki lakòz efè sè danjere atravè Pwogram Rediksyon Emisyon Metàn, epi ranfòse angajman New York pou l fè fas ak menas ki egziste pou chanjman klimatik la."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Nan rejon Nò eta New York, soti nan Southern Tier ak Sant New York rive nan Rejyon Lwès New York ak Finger Lakes, te devaste akòz pi petwòl ak gaz ki abandone ki kreye danje kache ki ka enfiltre polisyon nan lakou nou yo, sous dlo potab nou yo ak fè chanjman klimatik vin pi mal. Kounye a, gras a Lwa sou Rediksyon Enflasyon ke mwen te defann, New York pral resevwa 8 milyon dola pou diminye polisyon metàn danjere ki soti nan pi sa yo. Mwen fyè pou m bay envestisman federal siyifikatif sa a pou ede konbat chanjman klimatik epi asire minisipalite yo pa oblige pote tout fado finansye a pou netwaye rès endistri konbistib fosil ki polye yo nan nò Eta New York."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Redwi emisyon metàn enpòtan anpil pou konbat enpak chanjman klimatik yo. Finansman federal sa a pral ede ranfòse efò kontinyèl Eta New York pou redwi emisyon metàn nan sektè petwòl ak gaz epi pwoteje kalite dlo pou anpil Nouyòkè. Mwen fyè pou m wè finansman federal sa a pral kreye yon

anviwònman ki pi pwòp pou Nouyòkè yo epi mwen pral kontinye goumen pou pote lajan federal isit la pou konbat chanjman klimatik."

**Asistan Sekretè Depatman Enèji Etazini pou Enèji Fosil ak Jesyon Kabòn, Brad Crabtree, te deklare**, "Eta New York se yon lidè nan efò nan tout peyi a pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè. Gras a ajanda Prezidan Biden pou Envesti nan Amerik la, eta tankou New York ka fè plis toujou pou diminye polisyon danjere epi fè yon pa empòtan nan ralanti enpak devastatè chanjman klimatik yo."

**Administratè Rejyon 2 Ajans Pwoteksyon Anviwònmnatal Etazini an, Lisa F. Garcia, te deklare**, "New York ap ouvri wout la nan batay kont chanjman klimatik lè li diminye emisyon metàn ki soti nan pi petwòl ak gaz. Gras a Lwa sou Rediksyon Enflasyon an, pi gwo envertisman federal sou klima nan listwa, 8 milyon dola nan finansman demonstre angajman EPA ak Eta New York pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè epi pwoteje resous dlo esansyèl nou yo. Lè nou bouche pi petwòl ak gaz epi anpeche metàn koule, n ap eliminate yon gwo sous polisyon epi n ap pwoteje sante ak sekirite tout Nouyòkè yo."

8 milyon dola nan fon federal yo pral itilize pou ranfòse efò Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York pou kontwole ak bese emisyon metàn ki soti nan sektè petwòl ak gaz pandan Eta a ap travay pou bouche pi yo, sitou pi ki gen pwopriyetè tè endividyle yo ki nan lis kòm operatè yo. Lajan yo fè pati 350 milyon dola yo bay 14 eta ki pral ede mezire ak redwi emisyon metàn, youn nan pi gwo motè chanjman klimatik yo. Finansman an, ki rann posib grasa Lwa sou Rediksyon Enflasyon Prezidan Biden lan — pi gwo envertisman federal sou klima nan listwa — pral ede New York ak lòt eta sipòte efò endistri yo pou diminye emisyon metàn ki soti nan pi aktif yo epi sipòte restorasyon anviwònmantal sit pi yo.

Pwogram Rediksyon Emisyon Metàn lan ofri tou yon konbinezon asistans teknik ak finansyè pou New York pou ede pwopriyetè ak operatè yo volontèman idantifye ak eliminate emisyon metàn ki soti nan pi petwòl ak gaz konvansyonèl ki gen pwodiksyon ba yo, yo rele tou pi majinal konvansyonèl yo, avèk gwo emisyon metàn ki pa pwopòsyonèl.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare**, "Anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, epi avèk èd patnè federal nou yo, New York ap fè avanse yon tranzisyon jis nan enèji pwòp ki kreye bon travay epi ki sipòte yon ekonomi vèt pou lavni. Limite metàn ki soti nan sektè petwòl ak gaz la se yon bagay empòtan pou pwogrè New York ap fè nan enplemantasyon Lwa sou Klima a ak pou atenn etap empòtan nou yo pou rediksyon emisyon yo. DEC remèsye Prezidan Biden, Administratè EPA Regan ak Administratè Rejyonal Garcia, ak Sekretè DOE Granholm pou envertisman empòtan 8 milyon dola sa a nan inisyativ rediksyon metàn k ap kontinye nan New York."

Finansman federal yo anonse jodi a konplete plizyè etap New York pou redwi emisyon metàn ak lòt gaz ki lakòz efè sè. An 2022, Gouvènè Hochul te anonse règlementasyon

finalize ki egzije rediksyon enpòtan emisyon metàn ak lòt emisyon ki danjere ki soti nan nenpòt enfrastrikti petwòl ak gaz natirèl nan Eta New York. Règlemantasyon yo make yon etap enpòtan nan reyalizasyon ajennda enèji pwòp ak klimatik Eta a ki lidè nan peyi a lè I diminye emisyon metàn yo a plis pase 14,000 tòn metrik pa ane ak emisyon konpozan òganik volatil yo a plis pase 2,000 tòn pa ane. Anplis de sa, règlemantasyon an 2020 yo etabli limit ki egzije pou redui emisyon metàn ak lòt gaz ki lakòz efè sè yo nan tout eta a nan 40 pousan disi 2030, 85 pousan disi 2050, ki enkli emisyon ki asosye ak konbistib elektrik ak fosil ki enpòte yo.

Nan kòmansman ane sa a, [Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvman](#) premye pi gaz ki bouche san danje avèk finansman ki soti nan yon sibvansyon federal 25 milyon dola bay Eta New York atravè Lwa Bipatit sou Enfrastrikti (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) istorik la. Eta New York ap travay ak pwopriyetè tè yo pou bouche pi petwòl ak gaz natirèl ki ansyen ak abandone yo pou pwoteje sekrite piblik, ede diminye emisyon metàn ak lòt gaz a efè sè ki chanje klima.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominate defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 52 milya dola nan 118 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominate devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)